



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

POU PIBLIKASYON IMEDYA: 18 out 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE ASISTANS TEKNIK FEDERAL POU EVALYE DEGA LAPLI MOUN PA JANM WÈ
AK INONDASYON SAN ZATANN LOTRE JOU YO NAN KONTE SUFFOLK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande pou Divizyon Sekirite Enteryè Eta New York la mande gouvènman federal la pou l fè yon evalyasyon konplè pou konte Suffolk ak jiridiksyon nan zòn nan apre lapli moun pa janm wè ak inondasyon ki te lakòz gwo dega ak destriksyon nan kominote ki nan Konte Suffolk ki twouve l nan Rejyon Long Island nan Eta New York. Evalyasyon an tap sèvi pou mande nan yon manyè ofisyèl èd ak prè pou asistans nan ka dezaz ak ti to enterè nan men gouvènman Federal la pou repare ak ranfòse pwopriyete ki te kraze nan siklòn nan.

“Jodi a m ap mande gouvènman Federal la pou l kòmanse pwosesis pou l voye èd anplis pou moun Long Island ki viktim nan lapli moun pa janm wè semèn pase a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Otorite onivo eta a ak lokal pral kontinye travay san rete epi gade tout mwayen pou pote èd anplis pou Long Island apre move tan sa. Nou espere travay ak patnè federal nou yo pou ede moun ki viktim nan siklòn sa jwenn sekou yo bezwen an.”

Sèvis Meteyo Nasyonal la te rapòte presipitasyon 24 èdtan nan Eta New York la tonbe nan Islip, Long Island nan dat 13 dawout 2014. Kantite lapli ki te tonbe pandan 24 èdtan an se 13.5 pous, sa ki kraze rekò Eta a anvan sa ki te rive nan Tannersville, NY pandan Tanpèt Twopikal Irene nan lane 2011. Pi gwo kantite lapli a te tonbe ant minwi ak 10:30 a.m. jou ki te 13 dawout la. Plis pase 6,200 kay ak biznis te san kouran epi plis pase 1.000 kay te sibi domaj nan lavalas lapli ak inondasyon. Anpil machin te bloke lè inondasyon san zatann yo te rann plizyè otowout enpòtan enpratikab.

Gouvènè Cuomo te aktive Sant Operasyon Dijans Eta a jou ki te 13 dawout la epi plizyè ajans Eta te depwaye anpwaye ak ekipman pou ede kominote fè fas epi retabli apre siklòn nan. Eta Dijans Lokal te deklare nan Konte Suffolk ak Vil Babylon, Brookhaven ak Islip.

Komisyonè DHSES la, Jerome M. Hauer, te di konsa, “Mwen kwè li posib pou enpak sa yo garanti èd Federal epi nou pral kontinye kowòdone aktivite ak patnè Federal ak lokal nou yo pou defini enpak total siklòn sa pou detèmine ki èd ki ta va genyen pou Konte Suffolk, abitan li yo ak jiridiksyon nan zòn nan.”

Grasa rezilta evalyasyon sa yo, ap gen bourad lajan federal pou eta ak gouvènman lokal ki kalifye ak sèten òganizasyon ki pap travay pou lajan sou yon baz pataj depans pou travay ijan ak reparasyon oswa ranplasman enstalasyon ki sibi dega nan gwo tanpèt yo. Evalyasyon sa yo pral di tou si pral genyen prè pou sekou nan ka katastwòf ak ti to enterè ki disponib nan Small Business Administration (SBA) a pou moun ak biznis.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE